



FÒM ENSKRIPSYON POU PASYAN ADILT

INFÒMASYON PASYAN AN	Non		No. Sekirite Sosyal		Preferans Sèks <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Chanje Sèks (pou G yo pou F) <input type="checkbox"/> Chanje Sèks (F yo G)		Dat nesans				
	Adrès prensipal				Vil		Eta		Kòd Postal		
	Dezyèm Adrès				Vil		Eta		Kòd Postal		
	Adrès Imèl				Telefòn Prensipal			Dezyèm Telefòn			
	Metòd Kontak Prefere <input type="checkbox"/> Lapòs <input type="checkbox"/> Telefòn Prensipal <input type="checkbox"/> Dezyèm Telefòn <input type="checkbox"/> EZAccess Portal					Lang Prefere			Bezwen Entèprèt? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		
	Èske w ap travay? <input type="checkbox"/> M ap travay <input type="checkbox"/> Mwen p ap travay			Eta sivil <input type="checkbox"/> Selibatè <input type="checkbox"/> Marye <input type="checkbox"/> Divòse <input type="checkbox"/> Vèv/vèf <input type="checkbox"/> Plase <input type="checkbox"/> Separe			Sitwayen Ameriken? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		Ansyen Sòlda? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		
	Ras/Gwoup Etnik – Chwazi tout sa ki aplikab. <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Alasken Natif Natal <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Awayen Natif-Natal <input type="checkbox"/> Moun Lòt Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Lòt					Kalite Lojman <input type="checkbox"/> Pwopriyetè <input type="checkbox"/> Sibvansyone <input type="checkbox"/> Lòtabri <input type="checkbox"/> Lwaye <input type="checkbox"/> Lojman Tranzisyonèl <input type="checkbox"/> San kay <input type="checkbox"/> Rete ak Zanmi/Fanmi					
	Èske ou Ispanik? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				Non Kontak Pou Ijans			Relasyon ak Pasyan an		Telefòn Kontak Pou Ijans	

INFÒMASYON SOU ASIRANS AK GARAN	Asirans Prensipal			No. Kontra a			No. Gwoup				
	Non Manm nan			Relasyon ak Pasyan an							
	Asirans Segondè (si genyen)			No. Kontra a			No. Gwoup				
	Non Manm nan			Relasyon ak Pasyan an							
	Garan/Non Moun Responsab pou Peman (si diferan ak Manm nan)										
	Adrès			Vil			Eta		Kòd Postal		
	Telefòn			Relasyon ak Pasyan an							

Siyati Paran/Garan							Dat	
--------------------	--	--	--	--	--	--	-----	--

ISTWA MEDIKAL ADILT

Non Pasyan an	Dat nesans
----------------------	-------------------

	Pasyan		Fanmi	
ISTWA MEDIKAL	Tiwoyid	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Tiwoyid	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Dyabèt	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Dyabèt	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Tansyon Wo	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Tansyon Wo	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Kè	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Kè	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Estwok	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Estwok	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Ren	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Ren	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Fwa	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Fwa	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Maladi mantal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Maladi mantal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Glokòm	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Glokòm	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Katarak	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Katarak	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Epilepsi	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Epilepsi	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Osteyoporoz	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Osteyoporoz	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Opresyon	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Opresyon	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	COPD	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	COPD	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Migrèn	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Migrèn	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	VIH/SIDA	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	VIH/SIDA	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Kansè (Kalite: _____)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Kansè (Kalite: _____)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Lòt: _____	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Lòt: _____	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

ENFÒMASYON FANMI	Papa: <input type="checkbox"/> Vivan <input type="checkbox"/> Mouri Laj: _____ Kòz Lanmò _____
	Manman: <input type="checkbox"/> Vivan <input type="checkbox"/> Mouri Laj: _____ Kòz Lanmò _____
	Frè ak Sè, Konbyen: <input type="checkbox"/> Vivan _____ <input type="checkbox"/> Mouri _____ Kòz Lanmò _____
	Timoun, Konbyen: <input type="checkbox"/> Vivan _____ <input type="checkbox"/> Mouri _____ Kòz Lanmò _____

ALÈJI	

OPERASYON	

	Non Medikaman an	Dòz	Kantite fwa pa Jou
MEDIKAMAN			

POU FANM SÈLMAN	Pou Fanm Sèlman	
	Dènye Fwoti Vajinal	
	Dènye Mamogram	
	Planin?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Kalite: _____
	Koloskopi/Sigmoyidoskopi	

FAKTÈ RISK	Itilize Pwodwi Tabak?	<input type="checkbox"/> Kounye a <input type="checkbox"/> Avan <input type="checkbox"/> Jamè
	Itilize Alkòl?	<input type="checkbox"/> Kounye a <input type="checkbox"/> Avan <input type="checkbox"/> Jamè
	Itilize Dwòg?	<input type="checkbox"/> Kounye a <input type="checkbox"/> Avan <input type="checkbox"/> Jamè
	Konpòtman Mete Nan Gwo Risk Pou Pran VIH?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Pran Aspirin Chak Jou?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	Itilize Kafeyin?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non _____ Bwason/jou
	Fè egzèsis?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non _____ fwa/semèn
	Itilize Senti Sekirite?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non _____ % fwa
	Itilize Kask Lè w Monte Moto/Bekàn?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non _____ % fwa
Kontak ak Solèy?	<input type="checkbox"/> Souvan <input type="checkbox"/> Yon Fwa Konsa <input type="checkbox"/> Raman	

POU GASON SÈLMAN	Dènye Tès Pwostat	
	Dènye PSA	
	Koloskopi/Sigmoyidoskopi	
	Sonogram Nan Vant	

Siyati Paran/Garan	Dat
---------------------------	------------



Kontra Pou Nivo Frè Ki Baze Sou Revni

Non Pasyan an	Dat nesans
----------------------	-------------------

Pasyan san asirans yo kapab kalifye pou pwogram rabè nivo frè selon revni True Health la. Kalifikasyon pou pwogram rabè nivo frè selon revni an baze sou kantite revni ak kantite moun nan fanmi an. Nou mande dokiman pou detèmine si ou kalifye.

True Health rezève dwa pou yo analize deklarasyon taks ou ak/oswa sous chèk ou si yo mande. N ap mete kalifikasyon ou ajou regilyèman selon kalite dokiman ou bay. Si gen nenpòt chanjman ki fèt nan kantite revni oswa kalifikasyon nou pou asirans avan mizajou ki pwograme a, tanpri mete True Health okouran imedyatman.

Tanpri mete inisyal ou devan chak fraz nan espas nou mete pou sa a.

_____ Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay konsènan revni ak fanmi mwen yo vrè ak egzat dapre tout konesans mwen.
(inisyal) Mwen konprann si nenpòt nan enfòmasyon mwen bay nan fòm sa a se manti, kontra sa a ap anile, epi m ap responsab pou peye pou TOUT pri sèvis la. Mwen konprann yo pran kenbe dokiman sa a nan dosye medikal pèmanan mwen epi nenpòt fo enfòmasyon mwen ta bay ap konsidere kòm yon ofans federal.

_____ Mwen konprann nivo frè selon revni sa a kapab chanje.
(inisyal)

_____ Mwen konprann mwen sipoze peye menm lè mwen resevwa sèvis yo.
(inisyal)

_____ (Si sa apwopriye) Yo te enfòm mwen epi mwen konprann si mwen pa bay prèv revni mwen nan pwochen randevou mwen, y ap chanje kategori mwen nan nivo moun ki gen pou peye plis yo.
(inisyal)

Siyati Paran/Responsab	Relasyon ak Pasyan an	Dat
-------------------------------	------------------------------	------------

Sèman Moun Sant Sante a Ki Pou Ekri La

VERIFIKASYON REVNI	Sous Revni	Kantite – Pasyan an	Kantite – Mari/Madanm	Kantite Fwa
	<input type="checkbox"/> Sous Chèk – 3 ki pi resan			<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak kenzen <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak ane
	<input type="checkbox"/> Detèminasyon Asistans Sekirite Sosyal			<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak kenzen <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak ane
	<input type="checkbox"/> Deklarasyon Revni Ane Pase			<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak kenzen <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak ane
	<input type="checkbox"/> Deklarasyon Alokasyon Chomaj			<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak kenzen <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak ane
	<input type="checkbox"/> Lèt Sipò Notarye			<input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak trimès <input type="checkbox"/> De fwa pa ane <input type="checkbox"/> Chak ane
	<input type="checkbox"/> Lòt revni			<input type="checkbox"/> Chak Semèn <input type="checkbox"/> Chak kenzen <input type="checkbox"/> Chak mwa <input type="checkbox"/> Chak ane

Kantite Moun Nan Kay la*: _____ *Pou 3 oswa plis moun nan kay la, tanpri bay deklarasyon taks ane pase a.

Revni anyèl dokimante ou se \$ _____. Kantite moun nan fanmi dokimante ou se _____.

Se poutèt sa, ou kalifye pou Plan Nivo Frè Selon Revni ki note anba a jiska _____.

Pa gen prèv revni prezante – Nou itilize egzanpsyon yon sèl fwa a. Endike Plan Nivo Frè Selon Revni ki apwopriye anba a.

<input type="checkbox"/> NIVO FRÈ A	<input type="checkbox"/> NIVO FRÈ B	<input type="checkbox"/> NIVO FRÈ C	<input type="checkbox"/> NIVO FRÈ D	<input type="checkbox"/> NIVO FRÈ E	<input type="checkbox"/> NIVO FRÈ F
Siyati Anplwaye			Tit Anplwaye	Dat	



Otorizasyon ak Akò pou Tretman

Non Pasyan an	Dat nesans
----------------------	-------------------

Moun ki siyen anba la a rekonèt ak dakò pou yo bay pasyan non li sou Fòm Enskripsyon an tretman. Pasyan an, responsab pasyan an, oswa reprezantan pasyan an dwe mete inisyal li akote tout fraz ki apwopriye yo.

Konsantman pou Tretman

_____ Mwen sètifye mwen mande pou doktè ak anplwaye True Health yo fè egzamen ak tretman medikal pou pasyan an.
(inisyal) Mwen bay pèmasyon pou evalyasyon ak tretman epi mwen sètifye yo pa te bay mwen okenn garanti oswa asirans konsènan rezilta yo. Si pasyan an se yon minè, mwen konprann yon paran, responsab legal, oswa yon adilt responsab dwe akonpaye pasyan an nan sant sante a ak rete ak pasyan an pandan tout egzamen an.

Akò Finansyè ak Otorizasyon Pou Bay Avantaj

_____ Mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Regleman Finansye True Health epi mwen dakò pou respekte kondisyon li
(inisyal) yo.

Dwa ak Responsabilite Pasyan

_____ Mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Règleman Finansye ak Responsabilite Pasyan True Health epi mwen dakò
(inisyal) pou respekte kondisyon li yo.

Avi Sou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive

_____ Mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Avi True Health Konsènan Pratik Konfidansyalite.
(inisyal)

Divilgasyon Enfòmasyon Medikal

_____ (Si sa apwopriye) An plis fason yo itilize ak/oswa pataje PHI mwen anwo a, mwen otorize pou pataje enfòmasyon
(inisyal) mwen bay moun sa yo. Tanpri bay non konplè moun otorize (yo) pi ba a. Mwen konprann demann sa a pa pral mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon nòmal PHI jan sa endike pi wo a.

Non Moun Otorize yo	Relasyon ak Pasyan an

_____ Mwen konprann mwen ka chanje oswa anile konsantman mwen pou itilize ak/oswa divilge PHI mwen nenpòt lè, si
(inisyal) mwen soumèt li alekri. Itilizasyon oswa divilgasyon ki fèt avan dat nou resevwa revokasyon konsantman an pa pral afekte.

Mwen te li rekonesans ak akò ki anlè a epi mwen konprann yo.

Siyati Paran/Garan	Relasyon ak Pasyan an	Dat
---------------------------	------------------------------	------------

Sèman Moun Sant Sante a Ki Pou Ekri La		
Siyati Anplwaye	Tit Anplwaye	Dat

Regleman Finansye

True Health devwe li pou bay swen ki bon kalite ak konplè pou yon pri rezonab bay tout moun.

Responsabilite Finansye

Pasyan an sipoze peye pou sèvis medikal yo lè li resevwa sèvis yo. Nou aksepte Visa, MasterCard, Discover, ak American Express, ansanm ak chèk pèsonèl, manda lapòs, ak lajan kach. True Health ap travay avèk pasyan yo pou asire yo resevwa pi bon swen medikal ki disponib ak pou swen sa a pa yon chay finansyè. Nou ofri plan peman pou regle bil medikal ou gen kay True Health.

Pou nou kapab voye bil bay konpayi asirans pasyan an, I ap enpòtan pou nou jwenn enfòmasyon konplè sou konpayi asirans prensipal ak segondè pasyan an; ki gen ladan nimewo telefòn, adrès, ak yon kopi kat asirans la. Si li pa bay enfòmasyon sa a, pasyan an ka oblije peye tout pri pou sèvis la. True Health ka fè verifikasyon asirans nenpòt ki lè pou jwenn otorizasyon davans pou sèvis oswa pou detèmine kalifikasyon pou sèvis y ap bay yo. Malgre nou voye bil bay konpayi asirans pasyan an pou sèvis nou bay yo, nou gen obligasyon kolekte ko-peman ak dediktib nan men pasyan lè n ap bay sèvis yo.

Pwogram Nivo Frè Ki Baze Sou Revni

Pasyan san asirans yo kapab kalifye pou pwogram rabè nivo frè selon revni True Health la. Kalifikasyon pou pwogram nan baze sou kantite revni ak kantite moun nan fanmi an. Nou pa refize moun sèvis paske yo pa ka peye. Pou w kapab kalifye sèvis ki gen rabè, nou bezwen bagay sa yo:

- Youn nan dokiman sa yo pou verifikasyon revni: 3 dènye souch chèk ou yo, deklarasyon alokasyon chomaj, detèminasyon asistans Sekirite Sosyal, deklarasyon taks sou revni ane pase a (ki gen ladan 1099 oswa W-2), ak/oswa yon lèt tape ak notarye travay ou ekri pou deklare revni ou oswa verifikasyon lèt sipò.
- Idantifikasyon ak Foto

Si pasyan an pa kapab bay prèv revni oswa si li pa gen revni, li kapab fè yon deklarasyon pou tèt li. Manadjè Sant/Kowòdonatè Biwo a pral pale ak pasyan an avan li itilize fòm deklarasyon pou tèt li a pou detèmine si li kalifye. Pral gen lèt frè pou laboratwa ak/oswa lèt sèvis ou resevwa pandan randevou nan sant la. Si pasyan an pa bay dokiman yo mande yo pou kalifye pou sèvis pri redwi selon rekòmandasyon federal yo, nou pa pral mete pasyan an nan nivo frè selon revni an epi I ap oblije peye tout pri a.

Medicaid

Nou aksepte pasyan ki gen Medicaid pou Medicaid fè tout peman dirèkteman bay True Health. Nou voye bil la bay Medicaid dirèkteman.

Medicare

Nou aksepte pasyan ki gen Medicare pou Medicare fè tout peman dirèkteman bay True Health. Nou voye bil yo bay Medicare ak asirans siplemantè yo dirèkteman. Paske nou se yon Sant Sante ak Kalifikasyon Federal, nou retire franchiz Medicare yo pou sèvis ou resevwa nan sant nou yo.

Asirans ak Kontra

Nou gen kontra dirèkteman ak konpayi asirans atravè doktè yo k ap travay pou òganizasyon nou an. Tout peman konpayi asirans dwe fèt dirèkteman bay True Health. Pasyan ki enskri nan youn nan konpayi sa yo ap peye kopeman an ak frè franchiz konpayi asirans yo detèmine davans yo. Konpayi asirans pasyan an gendwa detèmine kèk sèvis pa garanti oswa yo pa nesèsè pou rezon medikal. Si sa rive, pasyan an ap responsab dirèkteman pou frè ki genyen yo. W ap gen pou peye True Health pou nenpòt balans ki rete konpayi asirans la pa peye nan 30 jou.

Aksidan Machin ak Aksidan Nan Travay

Nou pa aksepte ka aksidan machin ak aksidan nan travay nan sant nou yo. Nou mande pou pasyan an kontakte konpayi asirans li oswa travay li pou gidans konsènan sèvis sa yo.

Asirans ki pa gen Kontra

Pasyan ki gen kontra ak konpayi asirans ki pa gen kontra ak nou pral responsab pou peye pou tout randevou nan sant nou an lè li resevwa sèvis la. Pasyan sa yo pral responsab pou peye tout frè yo. Nou kalkile frè nou yo selon plan frè Medicare a.

Dwa ak Responsabilite Pasyan

True Health kwè Dwa ak Responsablite Pasyan ap kontribye nan pi bon swen pou pasyan. True Health rekonèt pwofesyonèl swen sante yo ak anplwaye klinik yo genyen sèten responsablite anvè pasyan yo epi pasyan an gen sèten dwa ak responsablite anvè True Health.

Dwa Pasyan yo

1. *Pou Pataje Enfòmasyon:* Pasyan yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon ki presi ak fasil pou konprann pou yo kapab pran desizyon enfòm konsènan plan sante yo ak moun k ap bay yo swen medikal yo. Pasyan yo dwa pou yo jwenn enfòmasyon sou sèvis ki disponib ak frè yo, ansanm ak frè pou sèvis ki pa garanti pasyan an pral responsab pou peye pou yo. Pasyan yo gen dwa pou yo jwenn enfòmasyon sou estati akreditasyon sant sante a, sètifikasyon ak ane eksperyans pwofesyonèl swen sante yo, rezilta sondaj konsènan satisfaksyon pasyan, etid sou kalite swen, ak demach pou pote plent ak konteste yo. Pasyan yo gen dwa pou yo enfòm sou règ òganizasyon an ak règleman ki aplike pou yo. Pasyan yo gen dwa pou yo enfòm sou nenpòt ki relasyon ki egziste oswa ki kapab egziste ant True Health ak lòt ajans sante/akademik oswa moun k ap patisipe nan swen sante yo.
2. *Chwa Pwofesyonèl Swen Sante ak Plan:* Pasyan yo gen dwa pou yo chwazi pwofesyonèl swen sante pou yo jwenn bon kalite swen medikal. Pasyan yo gen dwa pou jwenn aksè nan espesyalis ki kalifye nan rezo referans nou an. Pasyan yo gen dwa pou yo chwazi plan sante.
3. *Aksè nan Sèvis Ijans:* Pasyan yo gen dwa pou jwenn aksè nan sèvis ijans kote yo bezwen an lè yo bezwen li a. Sant sante a pral enfòm pasyan yo jan pou yo jwenn aksè nan pwofesyonèl swen sante ak pwoteksyon ijan lè sant la fèmen.
4. *Patisipasyon nan Desizyon Tretman:* Pasyan yo gen dwa pou pwofesyonèl swen sante yo enfòm yo sou dyagnostik, tretman, ak pwognotik nan yon langaj ki fasil pou konprann; yo dwe ofri opòtinite pou yo patisipe nan planifikasyon tretman medikal yo ak nenpòt referans espesyalis; ak refize patisipasyon nan rechèch eksperimental. Pasyan yo gen dwa pou bay konsantman enfòm avans pwosedi yo.
5. *Respè ak Non-Diskriminasyon:* Pasyan yo gen dwa pou yo trete yo ak konsiderasyon, respè, ak rekonesans diyite yo ak endividalite yo; yo pa gen dwa viktim abi mantal ak fizik; epi yo pa gen dwa mare yo amwenske yon pwofesyonèl swen sante otorize sa alekri pou yon tan espesifik ak limite, oswa lè li nesès pou pasyan an pa fè tèt li oswa lòt moun mal. Pasyan yo gen dwa pou yo resevwa pi bon swen medikal ki disponib kèlkeswa laj, sèks, ras, koulè, relijyon, lang, kondisyon ekonomik, andikap, oryantasyon seksyèl, oswa orijin nasyonal yo.
6. *Konfidansyalite:* Pasyan yo gen dwa pou yo respekte vi prive ak konfidansyalite yo nan tout kontak ak ekip la ak nan dosye medikal yo. Nou pral pataje dosye medikal yo ak lòt moun oswa òganizasyon sèlman ak konsantman pasyan an, sof nan ka lalwa egzije oswa kontra peman lòt òganizasyon.
7. *Plent ak Kontestasyon:* Pasyan yo gen dwa pou patisipe nan yon pwosesis ki jis ak efikas pou rezoud diferans ak pwofesyonèl swen sante yo oswa ekip True Health la san yo pa mare yo, deranje yo, fòse yo, fè diskriminasyon kont yo, oswa pran vanjans kont yo. Yo ka fè plent yo an pèsòn oswa alekri. Manadjè Klinik la ak/oswa Responsab sou sit la pral trete plent ki gen nati klinik yo. Famasyen ki responsab la pral rete plent konsènan famasi a. Manadjè Sant la oswa Kowòdonatè Biwo a pral trete plent konsènan anplwaye nan biwo oswa demografik. Kowòdonatè Sèvis Pasyan an oswa Direktè ki apwopriye a dwe bay pasyan yon repons a tan, swa an pèsòn, nan telefòn, oswa alekri.
8. Pasyan yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon pou asiste yo pou prepare yon dokiman ki rele yon "Testaman Davans." Pasyan yo gen dwa pou gen Testaman sa a nan dosye sante elektwonik yo ak nenpòt dosye apwopriye yo pataje selon konsantman pasyan an. True Health pa aksepte Lòd DNR (Pa Reyanime).

Responsabilite Pasyan yo

1. Pasyan yo gen responsablite pou swiv règ ak regleman òganizasyon.
2. Pasyan yo gen responsablite pou fè konnen nenpòt chanjman nan kondisyon medikal yo.
3. Pasyan yo gen responsablite pou di pwofesyonèl swen sante yo okouran medikal si yo pa konprann nenpòt aspè nan swen medikal yo.
4. Pasyan yo gen responsablite pou yo patisipe nan demach pou pran desizyon konsènan swen medikal yo ak swiv plan tretman prepare pou yo. Sa a gen ladan kenbe randevou ak/oswa anile yo davans lè sa nesèsè.
5. Pat Pasyan yo gen responsablite pou bay verifye lè y ap bay enfòmasyon finansye, ak pou yo peye bil yo a lè.
6. Pasyan yo gen responsablite pou yo di nou si yo pa satisfè avèk swen yo resevwa.
7. Pasyan yo gen responsablite pou trete lòt pasyan yo ak anplwaye nou yo ak respè, konsiderasyon, ak rekonesans diyite ak endividalite yo.
8. Pasyan yo gen responsablite pou yo respekte ak pran swen pwopriyete ak etablisman True Health yo.

Enfòmasyon ou. Dwa ou yo. Responsablite nou yo.

Avètisman sa a dekri fason yo kapab itilize ak pataje enfòmasyon medikal, ak fason ou kapab genyen aksè a enfòmasyon sa a. **Tanpri pran san ou pou ou gade li.**

Dwa ou yo

Ou genyen dwa pou:

- Jwenn yon kopi papyè ou elektwonik dosye medikal ou
- Korije dosye papyè oswa elektwonik ou
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande limite enfòmasyon nou pataje
- Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ou ak yo
- Jwenn yon kopi avi konsènan konfidansyalite sa a
- Chwazi yon moun pou aji pou ou
- Pote yon plent si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite ou

► **Gade paj 2** pou plis enfòmasyon sou dwa sa yo ak fason pou egzèse yo

Chwa ou yo

Ou gen kèk chwa nan fason nou itilize ak pataje enfòmasyon pandan nou:

- Di fanmi ak zanmi sou eta sante ou
- Bay soulajman pou dezaz
- Mete ou nan yon anyè lopital la
- Ba ou swen sante mantal
- Fè piblisite pou sèvis nou yo ak vann enfòmasyon ou
- Kolekte lajan

► **Gade paj 3** pou plis enfòmasyon sou chwa sa yo ak fason pou egzèse yo

Fason Nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon

Nou kapab itilize ak pataje enfòmasyon ou pandan nou:

- Trete ou
- Jere òganizasyon nou an
- Voye bil pou sèvis ou
- Ede avèk pwoblèm sante piblik ak sekirite
- Fè rechèch
- Konfòme ak lalwa
- Reponn demann pou don ògàn ak tisi
- Travay ansanm ak yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb
- Abòde ka aksidan nan travay, reponn lapolis, ak lòt demann gouvènman
- Reponn pwosè ak aksyon legal

► **Al gade Chapit 3 ak 4** pou plis enfòmasyon sou fason pou itilize ak pataje enfòmasyon sa yo

Dwa ou yo

Pou enfòmasyon sou sante ou, ou gen sèten dwa.

Seksyon sa a eksplike dwa ak kèk nan responsablite nou gen pou ede ou.

Jwenn yon kopi elektwonik oswa sou papye dosye medikal ou

- Ou ka mande po w wè oswa pou w jwenn yon kopi elektwonik oswa kopi sou papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou sante ou nou genyen. Mande nou ki jan pou ou fè sa.
- Nou pral bay yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sante ou, anjeneral, nan lespas 30 jou ki vini apre demann ou an. Nou ka mande ou peye yon frè rezonab pou sa.

Mande nou korije dosye medikal ou

- Ou ka mande nou korije enfòmasyon sante w ou panse pa kòrèk oswa konplè. Mande nou ki jan pou ou fè sa.
- Nou ka di "non" pou demann ou an, men nou pral di ou poukisa alekri nan 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou kontakte ou nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn kay ou oswa biwo) oswa voye lèt nan yon adrès diferan.
- Nou pral di "wi" pou tout demann ki rezonab.

Mande nou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou po n pa itilize ak oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije dakò ak demann ou an, epi nou ka di "non" si li ta ka afekte swen ou.
- Si ou peye tout pri pou yon sèvis oswa swen sante ak lajan nan pòch ou, ou kapab mande pou nou pa pataje enfòmasyon ki pou peyman oswa pou operasyon nou ak konpayi asirans ou. Nou pral di "wi" sof si gen yon lwa ki mande pou nou pataje enfòmasyon sa a.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ou ak yo

- Ou ka mande pou yon lis (kontablite) kantite fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante ou pandan sis (6) ane avan dat ou mande li, ak ki moun nou te pataje li, ak poukisa.
- Nou pral mete chak fwa nou te pataje yo eksepte pou sa ki sou tretman, peman, ak operasyon swen sante, ansanm ak kèk lòt bagay nou te pataje (tankou nenpòt sa ou te mande nou fè). Nou pral bay yon sèl kontablite gratis pa ane, men li pral mande ou peye yon frè rezonab si ou mande yon lòt nan yon espas 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi konsènan konfidansyalite sa a

- Ou ka mande pou yon kopi avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menm si ou te dakò pou resevwa avi a sou fòm elektwonik. N ap ba ou ak yon kopi sou papye san pèdi tan.

Chwazi yon moun pou aji pou ou

- Si ou te bay yon moun yon manda medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a ka egzèse dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon sante ou yo.
- Nou pral asire nou moun nan gen otorite sa a epi yo li aji pou ou avan nou fè nenpòt bagay.

Pote yon plent si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite ou

- Ou ka kontakte nou ak enfòmasyon ki sou paj 1 yo pou pote plent si ou kwè nou te vyole dwa ou.
- Pou pote yon plent ak U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights voye yon lèt bay 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa ale sou sitwèb www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou p ap pran okenn aksyon kont ou paske ou depoze yon plent.

Chwa ou yo

Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou ka di nou chwa ou sou sa nou pataje. Si ou gen yon preferans klè pou ki jan pou nou pataje enfòmasyon ou nan sitiyaasyon ki dekri anba a, pale ak nou. Di nou sa w vle nou fè, epi nou pral swiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa a ak chwa tou pou fè di nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi ou, zanmi pwòch, oswa lòt moun ki enplike nan swen ou
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyaasyon soulajman pou dezaz
- Mete enfòmasyon ou nan yon anyè lopital

Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp si ou pèdi konesans, nou ka deside pataje enfòmasyon ou si nou kwè nan pi bon enterè ou. Epiou nou kapab pataje enfòmasyon ou lè sa nesèsè pou diminye yon menas serye ak imedyat pou lasante ou oswa sekirite.

Nan ka sa yo nou pa janm pataje enfòmasyon ou sòf si ou ban nou pèmisyon ekri:

- Rezon marketing
- Pou vann nan enfòmasyon ou
- Pifò nòt sikoterapi nou pataje

Nan ka pou mande lajan:

- Nou ka kontakte ou po mande lajan, men ou ka di nou pa kontakte ou ankò.

Fason Nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon

Jeneralman kijan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou?

Jeneralman nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou nan fason sa yo.

Trete ou

- Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou ak pataje yo avèk lòt pwofesyonèl k ap trete ou.

Pa egzanp: Yon doktè k ap trete ou pou yon aksidan mande yon lòt doktè enfòmasyon sou kondisyon sante jeneral ou.

Jere òganizasyon nou an

- Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sou sante ou pou jere òganizasyon nou, amelyore swen ou, ak kontakte ou lè sa nesèsè.

Pa egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.

Voye bil pou sèvis ou

- Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou pou voye bil ak pou jwenn peman nan men plan sante oswa lòt enstitisyon.

Pa egzanp: Nou bay enfòmasyon sou ou bay plan asirans sante ou pou li kapab peye pou sèvis ou yo.

Kontinye sou pwochen paj la

Ki lòt gason nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou? Nou gen dwa oswa oblije pataje enfòmasyon ou nan lòt fason - anjeneral nan fason ki pou kontribiye pou byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou dwe satisfè plizyè kondisyon lalwa a avan n ap ka pataje enfòmasyon ou pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon, gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

Ede avèk pwoblèm sante piblik ak sekirite

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal sou ou pou sèten sitiyasyon tankou:
 - Evite maladi kontajye simaye
 - Ede ak rapèl pwodwi
 - Rapòte reyaksyon negatif ak medikaman
 - Rapòte abi, neglijan, oswa vyolans nan kay nou sispèk
 - Evit gwo menas kont sante ak/oswa sekirite ou oswa lòt moun

Fè rechèch

- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou rechèch lasante.

Konfòme ak lalwa

- Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lwa nan nivo leta oswa federal mande li, ki gen ladan Depatman Sante ak Sèvis Imen si li vle wè nou konfòme ak lwa federal konsènan konfidansyalite.

Reponn demann pou don ògàn ak tisi

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou ak òganizasyon ki aksepte ògàn.

Travay ansanm ak yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ak yon doktè lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

Abòde ka aksidan nan travay, reponn lapolis, ak lòt demann gouvènman

- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou:
 - Pou reklamasyon aksidan nan travay
 - Pou zafè lapolis oswa ak yon ofisye lapolis
 - Avèk ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize
 - Pou fonksyon gouvènman espesyal tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl

Reponn pwosè ak aksyon legal

- Nou ka pataje enfòmasyon medikal sou pou reponn yon lòt tribinal oswa administratif, oswa pou reponn yon manda.

Responsablite nou yo

- Lalwa egzije pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou.
- Nou pral fè w konnen san pèdi tan si yon te gen yon vyolasyon ki kapab te mete konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou nan danje.
- Nou dwe respekte devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a ak ba ou yon kopi li.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou lòt rezon ki pa dekri nan dokiman sa a amwenske ou di nou kapab alekri. Si ou di nou kapab, ou gendwa chanje lide nenpòt lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide.

Pou plis enfòmasyon, gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan Kondisyon Avi sa a

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman sa yo pral pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib lè ou mande, nan biwo nou a, ak sou sitwèb nou an.

Ofisye HIPAA: Anthony Diaz • (407)322-8645 ext. 1149 • Anthony.Diaz@mytruehealth.org